# KOMPOZITOR NAJIMADDIN MUXAMMEDDINOV DÓRETIWSHILIGINDE ERTEK JANRÍ
## (Toǵız tońqıldaq bir shińkildek ertegi tiykarında)

**Abatbaeva R.A.**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqalada erteklerden jaqsı juwmaq shıǵarıp, olardıń insan ushın kerekli tárepleri haqqında, jazıwshı hám kompozitordıń bul ertek arqalı jas tamashagóyler ushın tárbiyalıq táreplerin jetkerip beriwi haqqında sóz etiledi. Bunnan tısqarı túrli festivallarǵa qatnasıwı, Misr, Turkiya jáne basqa da qalalarǵa barıp usı pyesanı shet elde saxnalastırılıp kelgeni haqqında da sóz etiledi.

**Gilt sózler:** muzıka, folklor, festival, spektakl, saxna, rejissyor, teatr, aktyor, kompozitor, mádeniyat, ertek.

**Аннотация:** В данной статье делается хороший вывод из сказок, об их необходимых для человека свойствах и о воспитательных аспектах деятельности писателя и композитора для юной аудитории посредством этой сказки. Кроме того, говорят, что он участвовал в различных фестивалях, ездил в другие города Египта, Турции и ставил этот спектакль для иностранцев.

**Ключевые слова:** музыка, фольклор, фестиваль, спектакль, сцена, режиссер, театр, актер, композитор, культура, сказка.

**Abstract:** This article draws a good conclusion from fairy tales, about their necessary properties for humans and about the educational aspects of the activity of a writer and composer for a young audience through this fairy tale. In addition, they say that he participated in various festivals, traveled to other cities in Egypt and Turkey and staged this performance for foreigners.

**Keywords:** music, folklore, festival, performance, stage, director, theater, actor, composer, culture, fairy tale.

Insan óziniń jasaw dáwirinde muzıkadan zawıq alıw ushın dáslep joqarı mádeniyatlı, gózzallıqtı seze alatuǵın, pák kewil iyesi bolıwı kerek. Xalıqqa ásirese alıs aymaqta jasaytuǵın puqaralarǵa mádeniy demalıw kórsetiw dárejesin arttırıw, respublikanıń barlıq aymaqlarında teatrdı jolǵa qoyıw, mádeniyat hám kórkem óner tarawında qábiletli jas atqarıwshılardı izlep tabıw hám qollap-quwatlaw maqsetinde bayram kesheleri, hár qıylı tańlawlar, milliy dógerekler ámelge asırılmaqta.

Qaraqalpaq xalıq ertekleri qaraqalpaq awızeki ádebiyatınıń kúta bay, kólemli janrın quraydı. Qıyalıy-fantastikalıq ertekler, legendalar (Gúldirsin, Sultanı shanshar, Aydos biy, Ernazar biy, Erejep tentek, Tóktiń tawı haqqında) jasaw turmısqa baylanıslı ertekler, haywanlar haqqında ertekler hám avtor tárepinen dóretilgen erteklerdi mısal etsek boladı. Haqıyqatında da xalıq legendaları



xalqımızdıń ótken ómirinde bolıp ótken tariyxıy waqıyalardı izertlewge biliwge úlken járdemshi maǵlıwmat beredi.

Ásirler boyı xalıq dóretken sóz ǵaziynesi erteklerdegi xalıq ómiriniń aynası esaplandı. Kóp erteklerdiń mazmunınan hár qıylı zamanlarda adamlardıń qalay jasaǵan ómir-tirshiligin, xalıqtıń arzıw-ármanların kóriwge boladı. Bir jaqsı jeri erteklerdiń qaysı birin alıp qaramayıq, onıń realizm insan ómiri, adamnıń tábiyatı menen góresi, hadal miynettiń hárqanday qıyınshılıqlar ústinen jeńisinen ibarat boladı. Mine usınday erteklerdi keleshek awlad umıtıp ketpewi ushın mámleketimizde kóplegen dóretiwshiler tárepinen is-ilajlar alıp barılmaqta, sonı atap aytıw kerek Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrı 1978-jıldıń noyabr ayında shólkemlestirilip, óziniń dáslepki saxna kórinisin tanıqlı dramaturg Keńesbay Raxmanovtıń "Keshikken báhár" spektakli menen ashtı. 1990-jıl teatr jámááti Tashkent qalasında ótkerilgen birinshi aymaqlıq Orta Aziya hám Qazaqstan jas tamashagóyler teatrları festivalı"nda, 1998-jıl Tashkent qalasında ótkerilgen birinshi xalıqaralıq "Humo" festivalında, 2007-jılı 1-7-aprel kúnleri aralıǵında Turkmenstan Respublikası Ashqabad qalasında ótkerilgen "Folklor hám milliy teatrlar Xalıqaralıq festivalı"nda belsene óz repertuarları menen qatnasıp keldi. Qaraqalpaq xalqı júz tomlıq bay folkolrǵa iye. Folklorımız dástanlardan, erteklerden, naqıl-maqallar hám jumbaqlardan ibarat. Xalqımızda dástanlar baqsı hám jırawlar tárepinen házirgi kúnge shekem atqarılıp kelinbekte. Ertekler teatrlarda saxnalastırılıp xalqımızǵa mádeniy dem alıwına úlken úles qosıp kelmekte. Mısal etip aytatuǵın bolsaq, K.Raxmanovqa tiyisli "Toǵız tońqıldaq, bir shińkildek" ertegi házirgi kúnge deyin Jas tamashagóyler teatrında saxnaǵa qoyılıp kelmekte. Spektakl Ózbekstanǵa xızmet kórsetken artist, Qaraqalpaqstan xalıq artisti R.Tóreniyazov tárepinen, sońınan Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri B.Ótebaev tárepinen saxnalastırılıp, tamashagóylerge usınılǵan. Bul spektakl belgili rejissyor Í.Aytbaev tárepinen saxnalastırılıp, teatr saxnasında tórtinshi márte qoyılıp atırǵanında saxnalıq dóretpeler aldıńǵı variantınan ózgeshe islendi [2.57]. Tamashagóyler neshe márte tamashalasa da zeriktirmeytuǵın bul spektaklde miynet súygish, aqıllı, paydasına pútin Shińkildek hám hár isti kelte oylaytuǵın ańsız, aqılsız erinshek tońqıldaqlardıń ómiri kúlkili waqıyalar arqalı ashıp beriledi. Spektakl hárbir adamdı "jaqsılıq etseń ózińe, jamanlıq etseń de ózińe" degen danalıqlardı esten shıǵarmawǵa shaqıradı. Yaǵnıy adamlardı jaqsılıqqa miynet súygishlikke tárbiyalawǵa, jamanlıqtıń jazasız qalmaytuǵınlıǵın, tirishilik etiwdiń jeńil tárepin gózlewdiń qanday aqıbetlerge alıp keletuǵının uqtırmaqshı bolǵan. Spektakl "tas penen urǵandı as penen ur" keshirimli bol, hátteki "jamanlıq etkenge de jaqsılıq et" dep tárbiya beretuǵıń xalqımızdıń keń peyilligine say, tońqıldaqlardıń islegen jamanlıqların keshirgen shińkildektiń olar menen jarasıp, doslasıwı menen juwmaqlandı.

N.Muhammeddinov hám Ózbekstanǵa xizmet kórsetken artist, Qaraqalpaq xalq artisti, rejissiyor Reyimbay Tóreniyazov penen birgelikte librettist Keńesbay Raxmanovtıń "Toǵız tońqıldaq hám bir shińkildek" ertegin komediyalıq spektakl kórinisinde 1980-jılı Jas tamashagóyler teatrında saxnalastırıldı. Bul spektakl birinshi saxnaǵa qoyılǵanında ertek ózgerissiz qoyılǵan. Onıń menen keyingi saxnalastırılıwında bul ertekte ózgerisler kiritilip, Shińkildektiń anası óltirilgen saxnaları alıp taslanılǵan hám ertektiń aqrında kórsetilgendey, Shińkildek óz aǵaların suwǵa taslawdıń ornına olardı dos bolıwǵa shaqıradı. Spektakldiń keyingi mazmunına keletuǵın bolsaq pyesa qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpesi tiykarında jazılǵan bolıp, miynet súygish, aqıllı, paydasına pútin shińkildek hám hár isti kelte oylaytúǵın, xoshjaqpas erinshek tońqıldaqlar haqqında waqıyalar sóz etiledi.

Spektakl eki bólimli ertek spektakl 1988-jıl Lenin komsomolınıń 70 jıllıǵına arnap saxnalastırılǵan. Shińkildek baydıń eń kishi hayalınan tuwılǵan bala bolǵanlıqtan, baydıń úlken úsh hayalınan tuwılǵan toǵız tońqıldaqlar ákesiniń miyraslarınıń bári shińkildekke qaladı dep oǵan kóp jamanlıq isleydi. Biraq Shińkildek óziniń aqıllılıǵı hám hiyleleri sebepli hámiyshe tońqıldaqlardıń jamanlıqlarınan qutılıp, qayta ózleri qoyǵan duzaqqa ózlerin túsirip júredi. Spektaklde adamlardı miynet súygishlikke úyretiw, jamanlıq jazasız qalmaslıǵı, tirishilik etiwdiń jeńil tárepin gózlegenler qanday aqıbetlerge jolıǵatuǵınlıqları qızıqlı kórinislerde sáwlelenedi. Saxnalıq dóretpeniń tabıslı shıǵıwında rejissyor assistenti B.Japarov, kompozitor N.Muxammeddinov, xudojnik, Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri Berdaq atındaǵı mámleketlik sılıqtıń laureatı B.Aytmuratovtıń, baletmeyster H.Sharipovlardıń miynetlerin ayrıqsha atap aytıw orınlı. Sonıń menen birge teatr aktyorlarınan: B.Japarov-Shińkildek, J.Abıllaev-S.Arziyev, P.Kelimbetov, M.Nuratdinov, P.Tólegenov, J.Berdibekov, I.Begjanov, J.Abdimov, A.Xojamuratov, R.Tilemisovlar-Tońqıldaqlardıń, SH.Dawletmuratov-Allaniyaz baydıń, R.Orazbaev bolsa qaraqshınıń rollerin sheberlik penen atqarǵan [1].



Bul spektakl 1988-jılı saxnalastırılǵan bolsa, 2004-jılı qayta qoyıldı. 2007-jılı Jas tamashagóyler teatr truppası “Toǵız tońqıldaq hám bir shińkildek” komediyalıq spektakli menen Túrkmenstan Respublikasınıń Ashqabad qalasında hám Mısr mámleketiniń Kair qalasında bolıp ótken xalıqaralıq festivallarda qatnasıp kóp jetiskenlikke eristi. Mısr qalasında qoyılǵan spektaklde birneshe rollerdi qızlar atqarıp shıqqan. Olardıń ishinen shińkildek rolin atqarǵan Qırmızı Kobeysenova nominaciyaǵa eristi [3]. Kompozitor bul spektaklde muzıka arqalı tamashagóylerge tásirsheńlik dramaturgiyasın asırıp beriw maqsetine únemli qollay alǵan, sol qatarında spektakl kiris bóliminde tonqıldaqlardıń kirip keliwinde hám olardıń hár biriniń obrazlarında muzıka menen qaysı shaxstıń xarakterin, júrisin, urlıq waqtındaǵı muzıkanıń seslerin óziniń tájiriybelerine tayanǵan halda júdá jaqsı paydalanǵan.




2016 hám 2019-jılları spektakl Ózbekstan Respublikasında xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri rejissyor I.Aybatov tárepinen saxnaǵa qoyıladı. Oǵan jaqınnan járdem bergen rejissyor assistenti: B.Japaqov. Súwretshi: Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken kórkem óner ǵayretkeri, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı B.Aytmuratov. Baletmeyster: Ózbekstan xalıq artisti X.Sharipovlar ózleriniń bilimlerin ayanbastan xalıqqa inam etti.



Misrda dúnyanıń bir Qatar rawajlanǵan mámleketleriniń qatnasıwında eksperimental teatrlar festivalı bolıp ótken. Oǵan 47 mámleketten 52 teatr qatnasıp, onda 128 spektakl qoyılıp, bunda biziń Respublikamızdan Sapar Xojaniyazov atındaǵı jas tamashagóyler teatrı jámááti 12 adam quramında qatnasıp qayttı. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Keńesi menen Ministrler Keńesi Mısrǵa barıp-qaytıw qárejetleri ushın 14 million som qarjı ajırattı dep jazadı Joldasbay Turdımuratov. Bul festivaldıń maqseti festivalǵa qatnasqan mámleketlerdiń kórkem óner wakilleriniń tájiriybe almasıwınan ibarat edi. Mısr orayında jaylasqan Opera Hous “Open Air” atlı ashıq teatrda festival qatnasıwshıları hám Mısrlılar ushın eki marte usınılǵan [5:6]. Qaraqalpaq tilinde qoyılǵan bul spektakldi tamashagóylerge háreketler arqalı túsindiriwge háreket qılındı. Siriyalı arab turist Axmet zayıbı Zaynab penen spektakldi tamashalap, onnan jaqsı tásir alǵanlıǵın aytıp ótti. Sonday-aq shıǵısı Qaraózekten biraq házirgi kúnde sol jaqta jasap atırǵan Baxtan isimli jerlesimiz de spektakldi shańaraq aǵzaları menen kelip kórdi. Sol waqıtları kópshilikte ne sebep bul spektakldi alıp bardıńız basqa da spektakller bar ediǵo degen sorawlar payda boldı. Baslı sebeplerinen: birinshiden, teatr jámááti menen oylasıp spektaklde qaraqalpaq xalqınıń milliyligi, onıń mentaliteti, úrp-ádet dástúrleri tolıq jámlengenliginde edi. Ekinshiden, dúnya júzlik masshtabta ótkiziletuǵın festivallarǵa qanday mazmúndaǵı spektakldi alıp barǵan jaǵdayda da, onıń mánis maǵanasın shet elli tamashagóyge tolıq túsindiriw ushın kóbinese háreketler menen is tutıwımız kerek boldı, sebebi olar sózge itibar bereyin dese, bizlerdiń tilimizdi túsinbeydi, sonlıqtan saxnada bolıp atırǵan spektakl ne haqqında, qanday mazmunda ekenligin túsindiriw ushın qıymıldı-háreketler áhmiyetli orın tutadı, onday bolmasa saxna menen tamashagóyler arasındaǵı baylans úziledi hám spektakl óziniń aldına qoyǵan maqsetine erise almaydı, biziń jaqsı nátiyjelerge jetiwimiz qıyın bolmadı. Bu spektakl Keńesbay Raxmanov tiri waqıtlarında avtordıń ruxsatı menen ayırım jerlerine ózgerisler kirgizilip, aldın ala qayta saxnalastırılǵan edi. Spektakl qayta saxnalastırıw variantında, joqarıda aytıp ótilgenindey, shet el saxnalarınıń ózgesheliklerin esapqa alıp kóp sózlikten awlaq bolıwǵa háreket etilgen, dialogtaǵı sózler qıymıl-qozǵalıslar menen berilip, túsindirile baslaǵan. Qayta saxnalastırılıw variantında tiykarınan qopal, jawızlıq háreketler alıp taslanǵan degen edi Joldasbay Turdımuratov óz sózinde [5:3-4].

Juwmaqlap aytqanda Qaraqalpaq folklorındaǵı ertekler saxnalastırılıwında, dúnya saxnalarında atqarılıwında joqarı nátiyjeni kórsetiwi ushın professional kompozitorlarımız dóretiwshilik jumısında belsene bolıwı hám aktyorlarımız óz rolin sheberlik penen atqarıp beriwi talap etilse maqsetke muwapıq boladı. Usınday saxnalıq kórinisler oqıwshılarda hár tárepleme qızıǵıwshılıqtı hám belsendilikti, sabaqtan tısqarı waqtında oqıwshılardıń bos waqtı mazmunlı ótiwi támiyinlenedi. Keleshekte jetilisip shıqqan tájiriybeli qánigelerimiz tárepinen milliy miyrasımız qásterlenip, tereń úyrenilip xalqımız muzıka mádeniyatın ele de rawajlandırıp dúnya júzi xalıqları qatarında shet el mámleketleriniń saxnalarında jańlawına isenemiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Raxmanov K. "Toǵız tóńqıldaq, bir shińkildek" ertegi. 1988.
2. Ayımbetov Q. "Xalıq danalıǵı" – Nókis: "Qaraqalpastan", 1988.
3. Jas tamashagóyler teatrınıń ádebiy bóliminen alınǵan maǵlıwmatlar. Nókis-2022
4. Video kórinisten alınǵan maǵlıwmatlar.
5. Турдымуратов Ж. «Тоғыз тонкылдак, бир шинкилдек»тин мысыр сапары «Сәният» Нөкис-2007-3-4. 6-бет
6. АБАТБАЕВА, Рано. "КОМПОЗИТОР НАЖИМАДДИН МУХАММЕДДИНОВ ИЖОДИДА ТАРИХИЙ СИЙМОЛАР." Journal of Culture and Art 1.1 (2023): 60-66.
7. Абатбаева, РаноАлламберғеновна. "ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН МУСИҚА МАДАНИЯТИНИ РИВОЖЛАНИШИДА МАШХУР БАСТАТОР Н. МУҲАММЕДДИНОВНИНГ ЎРНИ." Oriental Art and Culture 3.1 (2022): 648-653.
8. Allambergenovna, Abatbaeva Rano. "THE MANIFESTATION OF EUROPEAN AND NATIONAL TRADITIONS IN THE OPERA" GULAYIM"." International Journal of Philosophical Studies and Social Sciences 2.2 (2022): 185-187.


